ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
НӨКИС ҚАЛАСЫ ҲӘКИМИНИҢ

Ш Е Ш И М И

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
НУКУС ШАҲАР ҲОКИМИНИНГ

Қ А Р О Р И

Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 96 | Нукус шаҳри, А.Досназаров кўчаси, 96

№ 05/09-139 «14» 09 2017-ж.й

Нөкис қаласы И.Каримов көшесиниң Ж.Аймурзаев, Н.Сараев көшелери аралығында жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында

Қарақалпақстан Республикасы Ишки Ислер Министрлиги Жол ҳәрекети қәўипсизлиги басқармасының 2017-жыл 3-июль күнги 11/б-2500-санлы автотранспорт айдаўшыларының тезликти асырыўы нәтийжесинде велосипед айдаўшылар ҳәм қағып кетиў жағдайлары көплеп ушырасып, аўыр ақыбетли жол транспорт ҳәдийселери келип шығып атырғанлығы себепли, автотранспортлардың қәўипсиз ҳәрекетлениўин тәмийинлеў мақсетинде, жол белгисин орнатыў ҳаққындағы усынысын қарап шығып, Өзбекстан Республикасының «Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы («Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами», 2013 йил 15 апрел, 15 сон, 197 модда)ның 7-статьясына, «Жергиликли мәмлекет ҳакимият ҳаққында»ғы Нызамының 25-статьясына муўапық,

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1.Нөкис қаласы И.Каримов көшесиниң Ж.Аймурзаев, Н.Сараев көшелери аралығына жол белгиси топарына кириўши бир дана 3.27 «Тоқтаў қадаған» жол белгиси орнатылсын.

2. Жол белглерин белгиленген тәртипте орнатыў, Нөкис қалалық Ишки Ислер бөлими (Г.Сейтназаров) не тапсырылсын.

3. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Нөкис қаласы ҳәкиминиң биринши орынбасары А.Ибрагимовқа жүкленсин.

4. Бул шешим қалалық «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

5. Бул шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Нөкис қаласы ҳәкими ў.ў.а **С.Нагметов**